



Gid pou Enfimyè Ayisen

Byenveni nan Etazini!

Felisitasyon pou desizyon ou pran pou vin yon enfimyè nan Etazini! Vwayaj sa a pral louvri anpil pòt pou ou, e Whollysavvy la pou gide ou a chak pa nan chemen an. Kit ou jis kòmanse konprann pwosesis la oswa ou deja fin pase NCLEX ,e ou gen objektif pou jwenn premye travay ou nan sistèm sante Etazini, gid sa a ap bay ou enfòmasyon esansyèl ak sipò ou bezwen.

1. Egzamen NCLEX: Premye Etap Enpòtan

Kisa NCLEX la ye?

NCLEX (Egzamen Nasyonal pou Lisans Enfimyè) se egzamen ou dwe pase pou vin yon enfimyè lisansye nan Etazini. Li teste konesans ou sou konsèp enfimyè, sekirite, swen pasyan, ak règleman legal.

Kijan Pou Enskri Pou NCLEX:

Evalye Edikasyon Ou

- Premyeman ou dwe fè evalyasyon lisans ak diplòm enfimyè ou nan CGFNS,ERES,Josef Silny etc...

Yo pral detèmine si edikasyon ou te resevwa Ayiti a satisfè estanda Etazini. Se pa tout eta ki egzije evalyasyon,si yo egzije sa ,yap diw kiyès yo aksepte.

Pou pran NCLEX ak eta nouyok ,wap bezwen pran 2 klas ki se:

“Infection Control & Child Abuse”.Lèw fin pran klas yo ,wap pase tès la epi telechaje sètifikasi yo,wap itilize yo lèw ap fe aplikasyon pou NCLEX la.

Siw kole nan wout ou pa konn sa pouw fè ,rele WhollySavvy: Nou ka ede w ak pwosesis evalyasyon an!

Aplike nan ofis enfimyè eta a

- Ou dwe aplike nan ofis enfimyè nan eta kote ou planifye pou pratike a. Sependan ou ka pase NCLEX avec eta ki pi fasil pou ou a ,apre ou ka transfere lisans ou nan eta kote w pral viv la.

- Ou pral bezwen soumèt evalyasyon CGFNS oubyen youn nan lòt ajans nou te site yo , ak lòt dokiman ki nesesè.

- Gen eta ki egzije pouw pase tès anglè tankou TOEFL,IELTS,MET etc. si w te etidye enfimyè nan yon lang ki pat anglè .

Enskri nan Pearson VUE

- Pearson VUE se sèvis egzamen ofisyèl NCLEX la. Lè aplikasyon ou apwouve, ou pral resevwa yon otorizasyon pou pran egzamen an (ATT) li valab pou 6 mwa, epi ou ka pwograme egzamen NCLEX ou. Sant yo tout kote etazini.

Konsèy Sou Preparasyon NCLEX:

- **Plan Etid:** Kreye yon orè etid pou ba ou tan pou revize tout zòn egzamen yo epi chwazi yon program NCLEX ki adapte avek ou.

- **Tès Pratik:** Fè pratik kesyon pouw ka vin abitye ak fòm kesyon yo.

- **Tutoring:** Nou ofri sesyon edikasyonèl NCLEX pèsonalize pou ede w konprann kontni yo epi amelyore kapasite ou nan pran egzamen.

2. Konprann Sistèm Swen Sante Etazini

Kòm enfimyè nan Etazini, ou pral travay nan yon anviwònman swen sante ki rapid ak divès. Men kèk bagay kle pou konnen:

Kilti Anviwònman Travay:

- Kominikasyon:** Kominikasyon klè ak pwofesyonèl se esansyèl. Enfimyè yo travay tou pre ak doktè, pasyan, ak fanmi yo.

Yerachi Enfimyè:

- Enfimyè nan Etazini ka travay ansanm ak lòt founisè swen sante tankou enfimyè pratisyèn(NP) ak asistan doktè (PA). Ou pral souvan fè pati yon ekip ak responsabilite pataje.

Lisans ak Edikasyon Kontinyèl:

- Pou kenbe lisans RN (Registered Nurse) ou, ou dwe kontinye ediket ou regilyèman, sa ap ede w rete ajou sou pi nouvo pratik medikal yo.

3. Jwenn Premye Travay Ou Kòm Enfimyè

Kisa Anplwaye Yo Gade Pou:

- Lisans Enfimyè Etazini:** Pase NCLEX la ak jwenn lisans Etazini se yon obligasyon siw vle travay kòm infimyè.

- Eksperyans:** Anpil anplwayè prefere enfimyè ki gen eksperyans nan Etazini, men kòm yon enfimyè entènasyonal, ou ka kòmanse nan pozisyon nivo debaz.
- Konpetans :** Anplwayè yo apresye enfimyè ki adapte vit , ki gen konpasyon, komunikatif, ak sansiblite kiltirèl , tout karakteristik ke enfimyè Ayisyen yo déjà posede!

Kote Pou Chèche Travay:

- Sit Entènèt Lopital:** Gwo sistèm lopital yo souvan pibliye pòs ki disponib yo sou sit entènèt yo.
- Tablo Travay:** Sit wèb tankou Indeed, Glassdoor, ak Nurse.com se kote gwo pou chèche pozisyon enfimyè.
- Ajans Rekritman:** Gen kèk ajans ki espesyalize nan ede enfimyè entènasyonal jwenn travay nan Etazini.

4. Finans ak Balans Travay-Lavi

Li enpòtan pou ou gen konpetans finansyè lè w ap navigate lavi Etazini. Men kèk konsèy:

- Bank:** Louvri yon kont bankè nan Etazini pou jere revni ou ak ekonomi ou.
- Skò Kredi:** Bati yon bon istwa kredi ap ede w jwenn prè, kat kredi, lwe oubyen achte kay, achte machin etc. Lèw fèk vini bank pap baw kredi, ou bezwen ouvri yon “secure credit card” pouw komanse bati kredi w.
- Bidjè:** Kreye yon bidjè pou swiv revni ou ak depans ou. Itilize zouti gratis oswa aplikasyon tankou Mint, Monarch etc. pou jere lajan ou.

Balans Travay-Lavi:

Travay nan domèn medikal fatigan e difisil, kidonk li enpòtan pou ou priorize tèt ou:

- Pran repo regilye, rete idrate, epi asire w ou gen tan pou repoze.
- Fè tan pou aktivite ou renmen pou kenbe sante mantal ou.

5. Sèvis Whollysavy Pou Enfimyè Ayisyen

Nou La Pou Ou!

Nan Whollysavy, nou ofri sèvis sa yo pou sipòte vwayaj ou:

- Titoryèl NCLEX:** Sesyon pèsonalize youn-a-youn pou ede w reyisi.
- Asistans Chèche Travay:** Gid sou kijan pou kreye yon rezime pwofesyonèl, prepare pou entèvyou, ak navigate mache travay la.
- Edikasyon Finansye:** Aprann kijan pou jere lajan ou, bati kredi ou, ak fè yon bidjè, analize benefis travay la baw ou paske yo impòtan pouw konprann.
- Kout Konsèy Byennèt:** Konsèy sou kijan pou jere estrès, rete an sante, ak jwenn balans travay-lavi.

6. Resous Siplementè

- Sit entènèt CGFNS:** www.cgfns.org
 - Pou evalyasyon kredi ak lòt sèvis lisans.
- Pearson VUE (Enskripsyon Egzamen NCLEX):** www.pearsonvue.com
 - Pou enskripsyon ak pwograme egzamen NCLEX.
- Nurse.com:** www.nurse.com
 - Yon bon resous pou lis travay ak devlopman karyè.
- Archer Review:** <https://www.archerreview.com>

- Yon bon resous pou preparasyon NCLEX epi pri li trè abòdab
- NYRequirements.com:**<https://nyrequirements.com>
 - Sit entènèt pouw pran klas “Infection control & Child abuse”
- Sit entènèt ofis infimyè eta NY:** <https://www.op.nysesd.gov>
- Sit entènèt NCSBN:** <https://www.ncsbn.org>

- Se yon òganizasyon ki mete ansanm tout konsèy enfimyè nan diferan eta Etazini (ak teritwa li yo). Se li menm ki devlope epi sipèvize egzamen NCLEX la .

Konklizyon:

Desizyon pou vin yon enfimyè nan Etazini se yon chimen plen opòtinite,pwoesis la ka long epi on ti jan konplike paske chak eta gen egzijans pa yo.Men, Whollysavvy la pou ede ou chak etap nan chemen an , soti nan aplikasyon ,preparasyon epi pase NCLEX la jiska jwenn travay ou reve a. Sonje: Be wholly, stay savvy!



The logo consists of the words "Wholly" and "Savvy" stacked vertically. "Wholly" is in a light blue font and "Savvy" is in a pink font. In the background, there is a stylized graphic of a person's head and shoulders. The head is blue with white outlines of a stethoscope and a brain. The shoulders and chest area are pink, featuring a white apple icon.